


Vaksen kont COVID-19: Sa Ou Dwe Konnen

**VAKSEN YO
REDUI RISK
OU GENYEN
POU TRAPE
COVID-19.**



Vaksen COVID-19 Pfizer a ak vaksen COVID-19 ARNm Moderna a efikas a anviwon 95% nan redui risk ou genyen pou malad ak COVID-19. Menmsi w chwazi pran vaksen an, ou pral toujou bezwen mete yon mask, evite gwo foul moun, rete nan yon distans 6 pye (2 mèt) ak lòt moun yo epi lave men w souvan jiskaske gen ase moun ki vaksinen.

Èske vaksen yo san danje?

Wi. Administrasyon Aliman ak Medikaman Etazini (Food and Drug Administration, FDA) te egzamine tout done sekirite yo pou asire li vaksen yo reponn ak nòm yo epi yo pa t sote okenn etap sekirite. Yo te mete moun ki gen laj. ras, gwoup etnik ak pwoblèm sante diferan nan esè vaksen yo. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ap suiv vaksen yo tou aktivman pou wè si gen efè segondè ki ra anpil oswa ki alontèm.

Kijan vaksen yo aji?

Vaksen ARNm yo pase kò ou lòd sou fason pou li fè yon pati nan viris la (pwoteyin ki gen pikan an) ede kò w bati yon defans kont viris la. Kò ou elimine ARNm lan apre kék jou epi li pa antre nan ADN ou.

Èske vaksen an ap fè w maladi ak COVID-19?

Non, vaksen yo pa gen viris la ladan yo epi yo pa fè moun lan malad ak COVID-19.

Kisa mwen ta dwe atann lè m pran vaksen an?

Yo bay toude vaksen ARNm yo nan de (2) dòz, kote yo bay dezyèm doz la twa (3) oswa kat (4) semèn apre premye an. Efè ki komen yo lejè epi yo gen ladan yo doulè nan bra, fatig, lafyèv ak tèt fè mal. Sentòm sa yo souvan disparèt apre kék jou.

Kiyès ki ta dwe pran vaksen an?

Yo otorize vaksen Pfizer a pou moun ki gen 16 lane oswa pi gran, epi yo otorize vaksen Moderna a pou moun ki gen 18 lane oswa pi gran. Nenpòt moun kapab pran vaksen an, sof si yo fè alèji ak li oswa nenpòt engredyan ki ladan li. Yo pa fè vaksen an ak ze, latèks, jelatin ni bagay pou konsève li ki rele ajan konsèvason.

Kiyès ki pa ta dwe pran vaksen an?

Si w fè alèji ak polyetylén glikòl (PEG), polisòbat oswa lòt engredyan vaksen yo, oswa si w te fè yon reyakson alèjik ak premye dòz vaksen an, li ka pa bon pou w pran vaksen an.

Kijan mwen kapab pran randevou pou m pran vaksen an?

Ale sou sitwèb Depatman Sante Eta New York (NYS Department of Health) la pou wè si w elijib pou pran yon randevou. am-i-eligible.covid19vaccine.health.ny.gov/.

Ofiyamezi n ap kontinye aprann bagay sou vaksen an, nou pral mete enstriksyon yo ajou.

Tanpri vizite CDC sou cdc.gov pou jwenn dènye enfòmasyon yo.



Stony Brook Medicine

stonybrookmedicine.edu

Stony Brook University/SUNY is an equal opportunity, affirmative action educator and employer. 21010995H